

Deklarasyon Enpak sou Ekite pou Pwopozisyon Bidjè pou Ane Fiskal 2022-2023 a

Tit: Elaborasyon Bidjè pou Ane Fiskal 2023

Dat: 2 Fevriye 2022

Èse yo te itilize [Racial Equity Planning Tool](#) la? Wi Non

Si wi, ajoute dat (yo) reyinyon REPT yo ansanm ak lyen pou REPT ki ranpli a isit la: _____

Èske yon manm nan Divizyon Ekite, Estrateji ak Lakin nan Opòtinie a te revize deklarasyon sa a? Wi Non

Seksyon Zouti pou Planifikasyon Ekite Rasyal BPS	Rezime/Jistifikasyon	
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta yo dezire nan pwopozisyon/efò a, tankou pou elimine disparite? Kiyès ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo reflte idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup kle yo ki gen ladan yo moun ki se Nwa, Latino-Ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, militeng, epi li gen eksperyans Edikasyon Espesyal yo)?</i></p>	<p>Sa ki oryante Bidjè pou Ane Fiskal 2023 a pou Lekòl Piblik Boston yo se lefèt ke nou kwè tout timoun, nan tout salklas, nan tout lekòl merite jwenn opòtinite pou yo aprann, grandi ak pou yo pwospere. Pandan n ap lite pou nou garanti ekite opòtinite ak pou n pran yon seri desizyon anti-rasis, nou gen obligasyon pou nou rete konsantre sou valè nou yo ak sou fason nou demontre valè sa yo atravè bidjè nou yo, pandan n ap aplike resous adisyonèl sib ak elèv ki soti nan popilasyon yo istorikman majinalize yo.</p> <p>Pandan Ane Fiskal 2023 a, n ap fè pwogrè pou nou rive reyalize objektif sa yo gras ak nouvo investisman Majistra Wu ansanm ak Vil Boston bay. Nou eksplwate sipò finansyèl ekstra-òdinitè Vil la pou n kapab konstwi "Garanti Kalite" nou an. Gras ak yon investisman operasyonèl \$100 Milyon yo bay chak twa lane, n ap travay pou nou asire baz sèvis kalite siperyè yo nan tout lekòl yo san n pa fè diskriminasyon sou lekòl, pwogram oswa katye a. Garanti kalite sa pral elaji pou l kapab vin gen ladan l sipò pou elèv ak fanmi, pwogram etid ansanm ak pwogram akademik, etablisman ak anrichisman.</p> <p>Divizyon Finans a ap jere redaksyon ak elaborasyon bidjè a. Nan Divizyon an, w ap jwenn anplwaye ki mansyone anba yo.</p>	
Manm Anplwaye	Tit	Idantite Rasyal ak/oswa Etnik
Lidèchip Finansyèl		
Nathan Kuder	Direktè Finansyèl (CFO)	Blan
David Bloom	Direktè Finansyèl Adjwen	Blan
Miriam Rubin	Direktè Bidjè	Blan
Yvonne Macrae	Direktè Sibvansyon ak Fon Ekstèn	Nwa
Naveen Reddy	Direktè Komèsyal	Endyen
Jamie Racanelli	Direktè Planifikasyon ak Analiz	Blan
Ekip Finansyèl		
Atheena Arasoo	Ekip Bidjè	Azyatik, Natif Hawaii
Blair Dawkins	Ekip Bidjè	Nwa
Ra'Jene Martin	Ekip Bidjè	Nwa
Mary Gillen	Ekip Bidjè	Blan
Tressa Janati	Ekip Bidjè	Blan, Mwayen Oryan
Chris Williams	Ekip Bidjè	Blan
Salem Gebrezgi	Ekip Bidjè	Nwa
Karen Book	Planifikasyon ak Analiz	Blan

Keith Hellmold	Planifikasyon ak Analiz	Blan
Daniela Reyes Saade	Planifikasyon ak Analiz	Latino
Dane Holding	Planifikasyon ak Analiz	Blan
<p>2. Aliyman avèk Plan Estratejik la <i>Nan ki nivo pwopozisyon/efò a aliye avèk plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Bidjè distri a se ypm deklarasyon sou valè nou yo, epi chak pwopozisyon investisman aliye avèk yon eleman nan Plan Estratejik la. Sitou, pwopozisyon yo konsantre sou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • 1.8 Devlope kapasite pou yo abòde faktè sante ak faktè sosyal ki kontribye nan lakin nan opòtinite yo tankou lafen, maladi kwonik, sante mantal, sante seksyèl, sitiyaasyon sanzabri, ansanm ak idantite LGBTQ+. • 2.1 Rekonsevwa lekòl segondè yo, tankou lekòl altènatif yo konfòmeman ak MassCore, preparasyon karyè, ansanm ak lòt opòtinite pou kou avanse pou prepare elèv yo pou kolèj, karyè ak lavi. • 2.3 Founi pwogram etid ak ansèyman ki solid ki adapte ni sou plan kiltirèl ni sou plan lengwistik ki gen ladan yo opòtinite aprantisaj nan domèn atizanal, syans, alfabetizasyon, lang mondyal, edikasyon fizik, edikasyon sou sante, ansanm ak edikasyon sivik, aksè nan pwogram espòtif ak teknoloji, epi entegre konplètman byennèt elèv la nan eksperyans edikatif li. • 2.5 Aplike atant aprantisaj ak pwogram etid ki solid e ki konsistan pou prepare tout elèv yo pou lekòl segondè, ansanm ak pwogram solid nan syans ak matematik. • 3.4 Ogmante sistèm kòmante yo pou paran yo ak biwo santral ansanm ak lòt anplwaye yo atravè yon seri pòtay komunikasyon teknolojik, ansanm ak aksè regilye ak responsab nan distri ak nan lekòl yo pandan reyinyon ki fèt nan rejyon an, nan lekòl la ak reyinyon ki fèt onivo distri a. • 4.1 Finanse tout lekòl yo nan yon fason ki reponn ak bezwen inik elèv yo desèvi yo, pandan yo fè konsiderasyon pou aprenan Anglè yo, elèv ki gen andikap yo, elèv ki ekonomikman defavorize yo, elèv ki gen riske abandone lekòl yo, jèn ki deraye yo ansanm ak lòt gwoup yo istorikman majinalize yo. • 5.6 Ogmante transparans ak responsablite pandan y ap founi nouvo zouti done, tablodbò, ansanm ak rapò piblik. • 6.4 Ankouraje sansibilizasyon kolèj ak karyè ansanm ak eksperyans travay pandan y ap kreye chimen vizib pou edikasyon apre etid segondè, fòmasyon, komès ansanm ak opòtinite pou karyè. 	
<p>3. Analiz Done <i>Ki done yo te analize? Èske yo te repati yo selon ras ak lòt gwoup kle? Kisa yo te endike konsènan disparite?</i></p>	<p>Analiz ekite investisman an pran montan dola pa lekòl pou chak investisman, kalkile yon investisman pou chak elèv, epi li aplike l ak kantite elèv ki aktyèlman enskri nan lekòl sa a. Gras ak done demografik rasyal ak lòt done demografik kle yo sou chak elèv ki enskri aktyèlman, nou pral kalkile investisman mwayen pou chak elèv nan distri a selon done demografik yo. Done demografik ki aktyèlman nan analiz sa se elèv ki gen andikap, aprenan Anglè, elèv ki soti nan fanmi ki gen revni ki ba, ansanm ak elèv ki se Azyatik, Nwa, Latino-Ameriken ak elèv Blan.</p> <p>Pou dezyèm ane a, nou pral fè gwo investisman pou n mentni pwogramasyon pou elèv yo nan tout lekòl yo, sitou nan lekòl kote efektif elèv yo ap diminye yo. Investisman sa yo pral dirijie plis pase \$200 anplis pou chak elèv pou elèv ki se Nwa ak Latino-Ameriken yo pa rapò ak elèv ki se Azyatik ak Blan. Menm jan an tou, investisman sa alouwe prèske \$300 anplis pou chak elèv pou elèv ki gen revni ki ba yo pa rapò ak elèv ki gen revni ki elve yo. Investisman yo bay pou elèv ki gen andikap ak aprenan Anglè yo depase investisman mwayen pou tout elèv yo.</p> <p>Ane sa a, distri a te investi nan omwen yon sèl konseye lekòl pou chak 150 elèv ki nan klas 9yèm ane. Pwiske se te yon investisman parite (nan tout lekòl yo), sa te poutan bay yon investisman mwayen pou chak elèv pou tout elèv ki nan \$81 pa rapò ak \$91 pou elèv Nwa yo, \$83 pou elèv Latino-Ameriken yo, \$81 pou elèv Azyatik yo, ak \$57 pou elèv Blan yo. Menm jan an tou, yo te investi \$92 an mwayèn pou elèv ki gen andikap yo, men yo te</p>	

	<p>sèlman investi \$82 pou elèv ki gen revni ki ba yo e \$65 pou aprenan Anglè yo. Sepandan, kantite aprenan Anglè yo ka reflekte kantite aprenan Anglè ki pi piti ki nan lekòl segondè yo pa rapò ak lekòl elemantè yo.</p> <p>Jeneralman, depans pou Ane Fiskal 2022 a toujou pi elve pou chak elèv pou elèv ki Nwa ak elèv ki Latino-Ameriken yo pa rapò ak elèv ki Blan oswa Azyatik yo.</p>
<p>4. Angajman Aksyonè yo <i>Kiyès ki te angaje l (kantite, gwoup kle, ak wòl) epi nan ki fason, epi kisa sa te bay? Kisa elèv/fanmi ki te plis sibi enpak pwopozisyon/efò sa te di?</i></p>	<p>Divizyon Finans lan te chèche jwenn kòmantè nan men entèvenan prensipal yo nan reyinyon ki vini annapre yo:</p> <p>21/10/2021 reyinyon sou Konsèy Konsiltatif pou Angajman Kominotè 30/11/2021 Fòmasyon Sezonyè sou Bidjè Kominotè 06/12/2021 Kabinè Responsab Lekòl 06/12/2021 ak 13/12/2021 Fòmasyon sou Konsèy ki nan Espas Lekòl la 10/12/2021 Tablewonn sou Ekite Kominotè Soti 13/12/2021 rive 02/02/2022 reyinyon sou Konsèy ki nan Espas Lekòl la/Konsèy Administrasyon yo nan tout lekòl yo</p> <p>Manm Konsèy Kominotè ak Konsèy ki nan Espas Lekòl la te mete aksan sou enpòtans seyans angajman lekòl la dirije yo, ak sou enpòtans pou rann materyèl bidjè yo aksesib e diponib alè. Responsab lekòl yo ansanm ak manm kominote yo te mande nou entegre pwosesis bidjè pou Soulajman ann Ijans nan Lekòl Elemantè ak Lekòl Segondè yo avèk pwosesis bidjè operasyonèl la nan nivo sa posib. Manm kominote yo te mande pou gen analiz sou ekite ki fèt sou baz done demografik elèv yo, epi yo te mande pou nou kominike enpak espesifik sou done yo byen klè. Dènyeman an, yo te mande pou gen yon revizyon apwofondi ki fèt sou enpak sou ekite yo nan estrateji Finansman Elèv ki Mezire (WFS) yo.</p> <p>N ap kontinye chèche jwenn kòmante epi n ap aplike kòmantè yo pandan de mwa k ap vini yo, sitou nan reyinyon ki vini annapre yo:</p> <p>02/02/2022 Reyinyon sou Komite Lekòl Boston (BSC) 04/02/2022 Tablewonn sou Ekite Kominotè 10/02/2022 ak 16/03/2022 Odyans sou Bidjè Piblik</p> <p>BSC la pral vote sou pwopozisyon Bidjè a nan dat 23/03/2022 a.</p>
<p>5. Estrateji pou Ekite Rasyal <i>Nan ki nivo pwopozisyon/efò sa diminye sou disparite ak ogmante ekite rasyal ak lòt tip ekite? Ki konsekans posib nou pa prevwa? Ki estrateji konplemantè ki pral fè ekite a plis avanse?</i></p>	<p>Metodoloji alokasyon BPS WFS la se estrateji prensipal nou pou nou garanti yo distribye resous yo nan fason ki ekitab jan faktè kle yo detèmine sa pa rapò ak nivo bezwen elèv yo. WFS distribye fon pa rapò ak kantite elèv ki genyen nan chak lekòl, pandan li bay fon siplemantè pou chak elèv ki gen yon Plan Edikasyon Endividyalize ak pou chak elèv ki aktyèlman se yon aprenan Anglè.</p> <p>Epitou, jan sa fè pati bidjè Ane Fiskal 2023 nou an, distri a te pran angajman pou l adopte yon estrateji diminyasyon pou anpeche efektif elèv yo diminye nan lekòl yo. Diminyasyon nan efektif la fè enpak inegal sou lekòl ki desèvi pwopòsyon elèv Koulè ki pi elve yo. Sipò sa pral swiv menm direktiv yo te aplike pandan Ane Fiskal 2022 a.</p> <p>Y ap mande lekòl yo pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Yo diminye sou kantite salklas yo ak ajiste pòs yo (pwofesè ak parapwofesyonèl) ● Yo diskite avèk espesyalis yo pou yo konnen si/kilè pou yo diminye sou kantite anplwaye total la. ● Peye pou depans ki lye ak ogmantasyon salè reyèl yo (aplike pou lekòl ki otonòm yo sèlman). ● Idantifye konpwomi pou yo peye pou tout nouvo pòs oswa pogram lekòl yo vle kreye andeyò investisman Distri a. <p>Yo pa t mande lekòl yo pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Yo elimine pòs oswa pogram ki andeyò pòs nan salklas ki fèmèn yo, sof si li gen

	<p>rapò ak yon ogmantasyon salè reyèl jan sa mansyone anwo a.</p> <p>Investisman pou Ane Fiskal 2023 a yo se:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ogmantasyon nan kantite anplwaye konseye pou lekòl ki gen klas 9yèm ane yo pou asire elèv yo jwenn sipò yo bezwen an pou yo reyisi pandan y ap antre nan lekòl segondè. • Sikològ anplis nan lekòl la pou aprenan ki plis vilnerab yo.
<p>6 Bidjè ak Aplikasyon <i>Ki enpak bidjè a genyen? Kijan aplikasyon li pral asire tout objektiv yo, sitou objektif ki gen rapò ak ekite yo, reyalize? Ki idantite gwoup ki fè pati ekip aplikasyon an, epi èske y ap pote yon lantiy sou ekite?</i></p>	<p>Nou espere Pwopozisyon Bidjè pou Ane Fiskal 2023 Vil la ap gen ladan l yon ogmantasyon \$40 Milyon pou BPS.</p> <p>Kolaborasyon Bidjè ("Kolab") se yon seri reyinyon kote tout pati yo revize bidjè yon lekòl pou ane lekòl k ap vini an pou yo kapab asire yo li reponn ak bezwen elèv yo prevwa yo, epi li konfòm ak lwa eta ak lwa federal la ansanm ak politik distri a. Responsab lekòl ansanm ak ajan lyezon ki nan divès depatman biwo santral la diskite sou aspè estrikti yon lekòl ki lye ak finansman oswa ki egzije sa a. Kolaborasyon Bidjè yo vize konstwi nan tèt kole ansanm yon bidjè ki ekilibre, konfòm epi ki estratejik pou reponn ak bezwen tout elèv yo.</p> <p>Kolaborasyon Bidjè a ansanm ak manm ekip aplikasyon an fè pati gwoup biwon santral ki vini annapre yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> - Ekip Bidjè - Biwo Kapital Imen- Manm Anplwaye yo - Sipè-entandan Lekòl yo - Biwo Edikasyon Espesyal - Biwo Aprenan Anglè yo - Ekite ak Responsablite - Biwo pou Transfòmasyon Lekòl ak Distri <p>Nouvo Komite pou Revizyon Bidjè Lekòl (SBRC) la evalye demann bidjè lekòl ki ekate de oryantasyon nou epi li fè rekòmandasyon bay CFO a. SBRC a, ki gen ladan l anplwaye biwo santral ak anplwaye lekòl yo ki te patisipe nan pwosesis Kolaborasyon an, yon pwosesis pou pran desizyon ki ekitab, konsistan epi ki transparan. SBRC gen responsablite pou l mete aksan sou tèm kle yo nan tout demann lekòl yo, sa ki pèmèt distri a reyaji byen rapid e avèk atansyon pa rapò ak bezwen kominote lekòl yo.</p> <p>Avan Kolaborasyon an, ajan lyezon Kolaborasyon Bidjè ansanm ak responsab lekòl yo te travay nan bonjan kolaborasyon pou idantifye yo ta dwe transmèt bay SBRC a. SBRC a revize demann yo nan kategori ki vini annapre yo: mizajou nan WSF. finansman sipleman, egzansyon nan règ konfòmite yo, ansanm ak eksepsyon nan pòs investisman yo.</p> <p>Ane sa a, SBRC te reyini chak semèn pou yo rezone sou demann yo ak pou yo bay CFO a rekòmandasyon yo. Touswit yo te fin konfime desizyon final li, SBRC a te enfòme responsab lekòl la ansanm ak ajan lyezon Kolaborasyon Bidjè a.</p>
<p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Kijan yo pral evalye, dokimante enpak yo ak kominike yo bay aksyonè yo? Kiyès ki pral responsab pou sa a?</i></p>	<p>Divizyon Finans a pral kontinye angaje l nan kominote a atravè pwosesis bidjè Konsèy Vil la, Tablewonn Ekite Kominotè yo, ansanm ak mizajou bay Komite Lekòl la.</p> <p>Epitou, nou pral mete sitwèb Explore Budget (Eskplòre Bidjè) nou an ajou avèk done adisyonèl pou angajman piblik la. Yon nouvo patenarya avèk Allovue, ki se yon konpayi Teknoloji Finansman nan Edikasyon, pral ede nou relye pòs bidjè yo dirèkteman ak Vizyon Estratejik distri a ansanm ak politik sou Lakin nan Opòtinite ak Reyisit la.</p> <p>Divizyon Finans lan pral responsab pou l elabore ak aplike bidjè pou Ane Fiskal 2023 a.</p>